



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU KONBAT KRIZ OPYOYID LA

S.911/A.2354 gen rapò ak posesyon antagonist opyoyid yo

S.1795/A.533 gen rapò ak etablisman yon pwogram pou itilizasyon tretman asiste pa medikaman pou moun ki nan prizon yo

S.2523/A.868 dekriminalize posesyon ak vant egwi ak sereng ipodèrmik

S.6044/A.128 etabli yon repètwa sou entènèt pou distribitè antagonist opyoyid yo

S.7228/A.5511 gen rapò ak yon pwogram reyabilitasyon jidisyè pou sèten delenkan kriminèl

Gouvènè Kathy Hochul jodi a nan John Jay College te siyen lejislasyon (S.911/A.2354, S.1795/A.533, S.2523/A.868, S.6044/A.128, S.7228/A.5511) ki vize pou diminye lanmò pa dòz ekseksif ki gen rapò ak dwòg nan tout Eta New York epi ankouraje moun ki soufri akoutimans pou chèche èd pou rekiperasyon yo.

"Akoutimans ka gen enpak sou nenpòt ki fanmi, toudenkou epi yon fason ki di - moun reyalize ke yo pyeje tèt yo nan yon syèk visye, yo reyalize ke yo la san pwòp fòt pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a se yon batay pèsònèl pou mwen e mwen fyè pou mwen kapab konbat kriz opyoyid la lè mwen siyen pwojè lwa sa an lwa. Pa gen okenn wont nan chèche èd pou itilizasyon sibstans e mwen vle fè tout Nouyòkè yo konnen ke nou isit la pou ou. Tretman ta dwe toujou aksesib pou moun ki bezwen li."

Lejislasyon S.911/A.2354 amande lwa pwosedi penal la, lwa ak règleman pratik sivil yo ak lwa egzekitif la pou ankouraje itilizasyon antagonis opyoyid pou anpeche dòz ekseksif ki gen rapò ak dwòg. Pwojè lwa sa a pral dekriminalize posesyon antagonist opyoyid yo, ki se dwòg ki bloke opyoyid yo lè yo tache ak reseptè opyoyid yo san yo pa aktive yo.

Lejislasyon S.1795/A.868 travay pou etabli yon pwogram pou itilizasyon medikaman ki asiste pa tretman twoub itilizasyon sibstans pou moun ki nan prizon yo nan lokal koreksyonèl eta ak lokal yo. Ogmante tretman ki asiste pa medikaman (medication assisted treatment, MAT) nan tout etablisman eta ak lokal yo pral pèmèt moun ki nan prizon gen aksè ak medikaman ak terapi pou bay yo opòtinite pou simonte itilizasyon

sibstans ak diminye chans ke yo ka souffri dòz eksef ki gen rapò ak dwòg lè y ap rantre nan sosyete a.

Lejislasyon S.2523/A.868 dekriminalize posesyon ak vant egwi ak sereng ipodèrmik. Aksyon pou dekriminalize ekipman ki gen rapò ak dwòg kontribye nan sekirite piblik nan pèmèt apwòch rediksyon mefè pou moun ki souffri anba abi sibstans ak nan diminye to transmisyon VIH ak epatit.

Lejislasyon S.6044/A.128 etabli yon repètwa sou entènèt pou distribitè antagonis opyoyid yo ki rann yo pi aksesib pou Nouyòkè ki ka vle ekipe tèt yo ak medikaman sa yo pou sove lavi yo. Se Biwo Sèvis ak Ankadremans pou Akoutimans (Office of Addiction Services and Supports) la k ap mentni repètwa a.

Lejislasyon S.7228/A.5511 ogmante kantite krim elijib ke moun ki gen yon maladi abi sibstans komèt ki ka konsidere pou reyabilitasyon nan yon pwogram tretman itilizasyon sibstans epi mete ajou tèm "abi sibstans" lan an "itilizasyon sibstans." Sa asire jij yo ka preskri yon moun tretman olye pou yo voye li nan prizon, sa ki pèmèt yo gen yon pi gwo chans ak yon reyabilitasyon alontèm ki reyisi.

Senatè Pete Harckham te deklare, "Lè nou siyen senk pwojè lwa pou prevansyon dòz eksef sa yo, ki gen ladan youn ke mwen prezante ki kreye yon repètwa sou entènèt ki lokalize tout distribitè medikaman pou koupe fache ak dòz eksef opyoyid nan tout eta, Gouvènè Hochul ap ede sove lavi pwòch nou yo ak vwazen nou yo. Poutan, anpil nan yo ap toujou fè fas ak Twoub Itilizasyon Sibstans ak anpil defi ki asosye ak li yo. Nou bezwen kontinye travay ansanm pou bay moun yo chak opòtinite pou jwenn tretman kont itilizasyon sibstans ki kapab kenbe yo sou chemen rekipasyon ak bon sante."

Senatè Gustavo Rivera te deklare, "Kòm nou ap fè fas a yon kriz sante piblik ki k ap monte ak ogmantasyon dòz eksef ak ogmantasyon itilizasyon sibstans nan mitan estrès yon pandemi mondyal, lwa New York yo dwe anbrase mezi rediksyon mefè ki pral finalman sove lavi ak pwoteje kominote nou yo. Jodi a, Gouvènè Hochul te franchi yon etap enpòtan pou ede Nouyòkè ki gen difikilte ak itilizasyon sibstans lè li te siyen yon kantite mezi an lwa, ki gen ladan pwojè lwa mwen an pou dekriminalize sereng, ki retire nou anba kriminalizasyon ak mennen nou nan direksyon tretman efikas. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye kolabore ak Gouvènè a ak defann rediksyon mefè pou avanse konpasyon, efò ki santre sou sante pou mete fen nan kriz dòz eksef nan eta nou an

Senatè Jamaal Bailey te deklare, "Nan mezi pou vrèman vire tandans lan sou kriz la opyoyid la, nou dwe trete li tankou ijans sante piblik li ye a epi fè tout sa ki depann de otorite nou pou asire èd rive jwenn moun ki nan pi gwo bezwen yo. Padan twò lontan, yo te neglije sistèm jistis penal New York yon fason doulourez nan kad efò pou konbat kriz opyoyid ki te ravaje kominote yo nan Bronx ak toupatou nan eta a. Jodi a, n ap fè yon etap istorik pou etabli yon modèl swen konplè ak elaji aksè ak tretman k ap sove lavi pou Nouyòkè ki nan prizon yo ki gen difikilte ak itilizasyon sibstans. Pwojè lwa ki

siyen pou vin lwa jodi a enpòtan anpil nan kad efò kontinyèl nou yo pou refòm sistèm jistis peal New York la ak avanse yon apwòch reyabilitasyon olye yon apwòch ki bay pinisyon kont itilizasyon dwòg. Lejislasyon sa a pral sove lavi anpil moun ke w pa ka fin konte, fèmèn vid ekite a nan aksè ak swen sante pou moun ki nan prizon yo, diminye residivis, epi ede moun retounen nan kominote yo an antye. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa istorik sa yo, Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble Carl Heastie, Manm Asanble Diana C. Richardson, Manm Asanble Linda B. Rosenthal, kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo, ak tout defansè ki te goumen san pran souf pou adopte pwojè lwa sa yo."

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Akoutimans opyoyid se yon flewo nan sosyete nou an - sa ki lakòz gwo doulè ak soufrans sou moun ki adikte yo, fanmi yo ak zanmi yo. Lanmò ki soti nan dòz ekseksif opyoyid nan tout peyi a te prèske 50,000 an 2019, dapre CDC la. Lejislasyon sa a pral lakoz mwens lanmò opyoyid nan ankouraje moun yo sèvi ak medikaman ki ka sove lavi pliske lè yo sèvi avèk medikaman sa yo, li pa pral itilize kòm prèv kont yo nan yon tribinal."

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, "New York ap travay sou aksè ak sereng depi lè nou te legalize posesyon sereng san preskripsyon ane 2000. Pwogram echanj sereng yo te yon zouti enpòtan nan batay pou diminye transmisyon VIH/SIDA ak epatit C ak pwoteje sante itilizatè dwòg yo. Malerezman, yo toujou ap arete moun yo paske gen yon vid teknik nan lwa a. Pwojè lwa a Gouvènè Hochul ap siyen an pral fini travay dekriminalize posesyon an. Mwen remèsye anpil defansè yo ak esponnsò Sena a Gustavo Rivera pou anpil ane nan travay di sou pwoblèm sa a ak epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou aksyon rapid li pou siyen pwojè enpòtan sa a."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Gen plis Nouyòkè pèdi lavi yo nan dòz ekseksif an 2020 pase tout tan anvan, sa ki mete aksan sou bezwen ijan pou gen sèvis sipò elaji ak mezi rediksyon mefè yo. Pake lejislasyon sa a rekonèt ke akoutiman dwe trete kòm yon pwoblèm sante piblik, pa yon echèk moral. Avèk jiska 80% Nouyòkè ki nan prizon k ap goumen ak yon maladi itilizasyon sibstans, mwen fyè ke nou pral finalman mete tretman asiste pa medikaman disponib moun ki nan bezwen yo dèyè miray la, menm jan yo bay tretman medikal pou nenpòt lòt kondisyon. Mwen fyè tou pou mwen wè nalokzòn, yon zouti ki kontinye sove lavi anpil moun ke w pa ka fin konte, vin pi aksesib avèk yon repètwa ki pral pèmèt Nouyòkè yo fasilman lokalize li nan kominote yo. Pake pwojè lwa sa a, ki gen ladan dekriminalizasyon sereng ipodèrmik ke y ap tann depi lontan ak aksè elaji ak tretman atravè reyabilitasyon jidisyè, voye mesaj klè ke Eta New York ap mennen batay pou mete fen nan dòz ekseksif la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa an lwa".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Antagonist opyoyid tankou nalokzòn (Narcan) se yon zouti ki ekstrèmman vital nan batay kont lanmò ki lye ak dòz ekseksif la, e nou ta dwe fè tout sa nou kapab pou ankouraje disponiblite yo toupatou. Ekspè yo, ki gen ladan founisè tretman dwòg, doktè, ak fòs delòd yo, tout te site enpòtans ki genyen pou gen antagonist opyoyid ki disponib nan mezi pou anpeche lanmò ki gen

rapò ak dòz eksesif. Mèsi a Gouvènè Hochul paske li siyenpwojè lwa enpòtan sa a an lwa pou moun ki ka nan pi bon pozisyon pou ranvèse yon dòz eksesif pa evite pote Narcan pa krent pou konsekans legal yo."

John Coppola, ki se Direktè Egzekitif, Asosyasyon Founisè Alkolis ak Abi Sibstans nan New York, te deklare, "Kòm Eta New York ap kontinye fè fas ak yon epidemi dòz eksesif ak akoutimans, pwojè lwa ke Gouvènè Hochul te siyen, jodi a, pral ede avanse repons nou an plis nan direksyon yon apwòch sante piblik konplè epi bay zouti enpòtan pou asire ke tout moun gen aksè ak swen yo bezwen."

Ellen Morehouse, Direktè Egzekitif nan Student Assistance Services Corporation (Kòporasyon Sèvis Asistans pou Etidyan) te deklare, "Mwen bat bravo pou enkyetid kontinyèl Gouvènè a pou moun ki soufri ak kriz opyoyid la epi mwen apresye lidèchip li nan franchi etap pou adrese lòt pandemi New York la."

Direktris Egzekitif NYCLU an, Donna Lieberman, te deklare, "Lwa sa a se yon etap enpòtan pou bay moun yo swen medikal yo gen dwa resevwa pou yo sove lavi yo. Medikaman pou twoub itilizasyon opyoyid la pa fakiltatif; li nesèsè pou anpil Nouyòkè yo ki ap soufri ak epidemi opyoyid nasyonal nou an. San medikaman doktè preskri yo, moun ki gen twoub itilizasyon opyoyid yo soufri retrè douloure epi yo fè fas a yon risk ogmante pou yo rechite, pran dòz eksesif, ak lanmò—efè ki vin pi grav pou moun ki ap rekipere li de twoub itilizasyon opyoyid nan prizon yo. Moun ki nan prizon yo merite sekirite, respè ak diyite, e otorite eta ak konte yo gen obligasyon pou bay swen ak onore dwa moun ki sou gad yo. Etandone konsekans lavi ak lanmò ki an danje, eta a dwe fè aplikasyon rapid lejislasyon sa a yon pi gwo priyorite."

Seep Varma, Prezidan, nan New York Therapeutic Communities, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a, byen bonè nan administrasyon li an ki siyale enpòtans ki genyen nan adrese epidemi opyoyid ak demontre yon angajman pou bay aksè ak tretman akoutimans, sèvis prevansyon ak rekiperasyon. Mwen pa ka tann pou m travay ansanm ak Gouvènè a pou devlope estrateji ak solisyon pou fè enpak sou pwoblèm enpòtan sa a, ki afekte anpil Nouyòkè."

Allegra Schorr, Prezidan Kowalisyon Founisè ak Defansè Tretman ki Asistans pa Medikaman (Coalition of Medication-Assisted Treatment Providers and Advocates), te deklare, "COMPA felisite Gouvènè Kathy Hochul ak lejislati NYS la paske li adopte pwojè lwa sou dòz eksesif opyoyid, Dekriminalizasyon Sereng (S2523/A868) ak MAT nan prizon (S1795/A533). Aksè restren ak tretman ki asiste pa medikaman menase byennèt moun ki nan prizon yo ki fè fas ak jiska 12 fwa risk ogmantasyon lanmò swit ak rechit ki gen rapò ak dwòg aprè yo libere yo. Lejislasyon sa a asire ke moun ki nan prizon pral gen aksè a MAT kounye a, sa k ap kanpe tretman ki pa imen ke gen moun ki gen yon maladi itilizasyon opyoyid resevwa kounye a pandan yo nan prizon. Li pral redwi dòz dwòg eksesif fatal ki ka evite ak transmisyon maladi transmisib yo."

Tracie Gardner, Vis Prezidan Legal Action Center a pou Defans Politik, te deklare, "Legal Action Center felisite Gouvènè Hochul paske li fè prevansyon dòz eksefif yon priyorite kle nan administrasyon li an lè li siyen lejislasyon jodi a ki rekonèt fason pou rezoud epidemi dòz eksefif kontinyèl sa a ak yon apwòch sante dabò. An patikilye, dekriminalize posesyon sereng ouvri yon chemen ki enpò nan direksyon sante ak rekiperasyon pou moun ki itilize dwòg yo. Pli lwen, medikaman pou trete maladi itilizasyon sibstans yo depi lontan yo te konprann yo kòm estanda pou swen, poutan depi twò lontan moun ki nan prizon pa gen aksè ak medikaman sa yo, ki dirèkteman mennen nan yon risk dòz eksefif astwonomik lè moun ki gen maladi itilizasyon sibstans yo rantre nan kominote a. Lejislasyon Gouvènè Hochul ap siyen jodi a pral finalman asire aksè ak medikaman sa yo nan prizon nan tout eta a pou ede moun yo rekiperasyon yo epi ranvèse epidemi devastatè sa a."

Kassandra Frederique, Direktè Egzekitif, Drug Policy Alliance la, te deklare, "Jodi a se yon pa an van nan adrese dòz eksefif nan Eta New York. Pandan dè deseni, Drug Policy Alliance, VOCAL-NY, ak alye nou yo ap goumen pou retire penalite penal pou sereng epi agrandi aksè ak sereng ki san danje kòm yon zouti sante piblik. Lè li siyen dekriminalizasyon sereng an lwa, Gouvènè Hochul ap priyorite sante piblik kòrèkteman ak politik ki baze sou prèv pa rapò ak lojik lagè dwòg represif ki te konplètman enkapab pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite ak te ranvèse lavi anpil moun. Gouvènè Hochul ap trase tou yon nouvo chemen pou pi devan lè li siyen pwojè lwa pou elaji aksè ak medikaman pou twoub itilizasyon opyojid pou moun ki nan prizon yo atravè New York la. Nou kwè ke prizon se pa solisyon ak itilizasyon dwòg ki se pwoblèm yon moun, epi moun ki ap konbat ak itilizasyon dwòg ta dwe resevwa swen medikal. Kounye a, dòz eksefif se youn nan kòz ki mennen lanmò pou moun ki dènyèmman yo te libere nan prizon yo -- pwojè lwa sa a atake lanmò ki lye ak dòz eksefif ki evitab ak andemik sa yo. Endike moun sou yon medikaman ki apwopriye pou twoub itilizasyon yo se vrè etap pou diminye risk dòz eksefif ki fatal ak kreye potansyèl pou rekiperasyon alontèm nan depandans opyojid, kèlkeswa si yo nan kominote a oswa nan prizon. Pwojè lwa sa a bay aksè enpòtan ke yo te bloke san pitye pou moun ki nan prizon yo depi twò lontan. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li franchi etap sa yo ke yo t ap tann depi lontan pou adrese lanmò ki lye ak dòz eksefif ki evitab epi nou pa ka tann plis aksyon rapid pliske New York ap goumen ak to lanmò ki lye ak dòz eksefif k ap bat rekò. Nou kapab epi nou dwe chanje ale nan politik ki oryante nan direksyon solisyon ki baze sou prèv pou sove lavi kounye a."

Lidè ki soti nan VOCAL-NY's Users Union yo, te di, "Kòm moun ki te fè fas ak retrè tètire andedan prizon yo, epike yo te arete pou posesyon sereng - nou kontan anpil ke Gouvènè Hochul franchi etap nesèsè sa a nan direksyon pou mete fen nan kriz dòz eksefif la lè li siyen de pwojè lwa sa yo. Men konba nou an lwen pou li fini. Nouyòkè Nwa ak Mawon yo kontinye ap fè fas ak baryè ak medikaman ki ka sove lavi yo epi yo penalize yo pou itilizasyon dwòg nan to ki pa pwopòsyonèl fas ak Nouyòkè blan yo. Nou espere ke Gouvènè Hochul pral asire ke pwojè lwa sa yo aplike kòrèkteman, epi kontinye mennen New York sou chemen pou mete fen nan lagè rasyal ak klas sosyal la nan dwòg ki alimante kriz dòz eksefif devastatè nou an."

Kayla Simpson, Avoka Anplwaye ak Pwojè Dwa Prizonye nan The Legal Aid Society, te deklare, "Pandan twò lontan, kliyan nou yo nan prizon yo nan eta, yo te refize yo aksè ak medikaman ki lajman rekonèt kòm estanda nan swen pou twoub itilizasyon opyoyid. Baryè sa a nan aksè ak tretman depi lontan fòse kliyan nou yo nan soufrans inital, destabilizasyon deranjman nan rekiperasyon yo, ak risk grav nan dòz eksèsif ak lanmò. Lejislasyon sa a se yon mezi sante piblik ki enpòtan, ki pèmèt doktè yo itilize tretman pou pasyan nan prizon yo ki pral tou senpleman sove lavi moun. The Legal Aid Society remèsye Senatè Jamaal Bailey ak Manm Asanble Linda Rosenthal pou lidèchip solid yoki mennen nou nan lejislasyon sa a epi nou felisite Gouvènè Kathy Hochul poaske li siyen pwojè lwa sa a pou fè li vin lwa."

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)